

KREYÒL AYISYEN (HAITIAN CREOLE)

Yon gid pou:

RANMASAJ DECHÈ MANJE BÒ TWOTWA

Kit ou se yon konpostatè debitan oswa yon pwofesyonèl ki gen eksperyans, w ap bezwen fè yon plan sou fason moun lakay ou pral ranmase rè s manje.

Aprann plis enfòmasyon sou koleksyon fatra manje bò twotwa yo nan boston.gov/food-waste

CITY of **BOSTON**

2282-01



Public Works



Garbage to Garden

Save THAT Stuff!

ETAP 1: FÈ YON PLAN

Pou kòmanse nou rekòmande pou ou:

- Sere rès manje ou yo nan veso kwizin ki enkli nan tisak demaraj ou a sou kontwa kwizin ou a, oswa anba evye kwizin ou.
- Kenbe veso ou a kote ou pwodui pifò fatra konpostab ou yo.
- Pote fatra konpostab ou yo deyò nan bwat twotwa ou a chak jou epi asire w ke w netwaye yo regilyèman.
- Chwazi yon bon kote pou poubèl twotwa a. Konsantre sou aksè, lonbraj, ak pwoteksyon kont lapli ak nèj. Pran swen fatra ou a ap ede anpeche ensèk nwizib ak odè.

Sonje ke ou pa pwodwi plis fatra òganik pase anvan, ou ap tou senpleman voye li nan yon lòt poubèl. Separe dechè manje ou yo aktyèlman anpeche fatra ou yo pwodwi move sant. Se konsa, ou ka soti fatra ou mwens souvan epi ou pa bezwen enkyete w pou move sant, gout, fatra.

ETAP 2: AJOUTE YON SACHÈ NAN POUBÈL FATRA TWOTWA OU

Double poubèl ou a pou asire w ke li ka vide. Ou ka sèvi ak yon sache an papye, oswa sache konpostab ki sètifye BPI, CMA oswa OK Compost. Si w ap double poubèl kontwa w la, ou pa bezwen double poubèl twotwa w la tou.

Ou pa kapab sèvi ak sache plastik pou double poubèl ou yo.

ETAP 3: KOMANSE RANMASE DECHÈ MANJE

Jete sèlman materyèl konpostab yo pou evite kontaminasyon nan poubèl ou. Gen yon lis konplè materyèl otorize ki enkli nan twous demaraj ou a. **Yo p ap ranmase poubèl ki kontamine yo.**

ETAP 4: METE POUBÈL LARI OU LA BÒ TWOTWA POU RAMASAJ

Asire w ke poubèl w la sou twotwa a epi li pa antrave lòt poubèl, pye bwa, elatriye. jou koleksyon ou a. Pou wè jou koleksyon ou a, telechaje aplikasyon Trash la.

SETAP 5: BAY TÈT OU KONPLIMAN

Konpostaj rès manje ou diminye kantite fatra ki voye nan depotwa yo. Li ede tou anviwònman poutèt li anrichi tè a, sa ki bay nouvo plant angrè natirèl pou yo grandi. Aplodi tèt ou!

REPETE ETAP YO CHAK SEMENN

Si w bezwen èd oswa si w gen nenpòt kesyon, vizite nou nan **boston.gov/food-waste**

Yo pral sèvi ak rès manje w yo pou fè konpòs ki gen anpil eleman nitritif ak enèji renouvlab! Tout rès manje yo kolekte bò twotwa pral swa konposte atravè Metòd konpostaj vantilasyon pasif nan West Bridgewater, Massachusetts, oswa yo pral resikle nan etablisman CORE nan Charlestown.

Pou plis enfòmasyon, vizite nou nan **boston.gov/food-waste**

ATIK YO AKSEPTE (ki gen ladan tout bagay manje):



ATIK KOTE BÈT KAY KOUCHÉ

Ki gen ladan lapen, poul, kochon ginen, amstè ak zwazo. Pa pou chen ni chat



LWIL AK GRÈS POU KWIT MANJE

Mete lwil likid nan yon veso apa ki sele anè poubèl la



POUD KAFE AK FILTÈ



SAK TE KI PA GEN PLASTIK



ZE, KÒK ZE AK KATON ZE



GRAINS, PASTA, AND BREAD



NUT AND COCONUT SHELLS



FWI AK LEJIM

Retire estikè yo



PWODWI ABAZ LÈT

Yogout, krèm glase, fwomaj ak bè



MANJE BÈT



LASI AK PAPYE PACHEMINE

Sòf si li pa sètifye konpostab



VYANN AK FWI DMÈ

Zo, kokiy, ak vyann kri



FOOD SOILED PAPER AND SERVICEWARE



SANN RECHO, GRIL AK CHEMINE

Tanpri mare sak la



PLAN AK FLÈ



BISWIT, GATO, AK SIRÈT



CHEVE, FOURI AK PLIM

Nou aksepte atik ki sal sa yo. Asire tanpri ke yo pa gen okenn pwodwi chimik oswa atik netwayan.

- Napkin ak sèvyèt papye
- Asyèt konpostab
- Tisi (san likid kòporèl)
- Sèvyèt papye ak tib papye twalèt
- Papyè jounal (pou vlope manje, otreman resikle)
- Sache papyè mawon (pou double poubèl yo)
- Bwat pizita katon (anpile anba poubèl twotwa w la)

ATIK YO PA AKSEPTE:



PLASTIK:

Tas, resipyan, anbalaj manje ak sirèt, anbalaj pou vlope an plastik, elatriye.



SAK PLASTIK:

Sak fè makèt, sache fatra, sak pwodwi, sache chip, elatriye.



KATON:

Lèt, ji, krèm glase, bouyon, ak bwat soup



WETE RESIPYAN AK TAS

sòf si yo sètifye konpostab



ZÈB TAYE

Sèvi ak sèvis koleksyon fatra jaden ak feyaj nou an pito.



PYE BWA NWÈL AK KOUWÒN

Sèvi ak sèvis koleksyon pye bwa nwèl nou an



KOUCHÈT KONPOSTAB KI GEN TAN UTILIZE



DECHÈ FILT LESIV OSWA FÈY POU MACHIN POU SECHE A



LAPÒS, PAPYE KLERE, AK MAGAZIN



KATON PLASTIFYE AK KATON SIRE



PAPYE KI CHIRE AN TI MOSO



KOTON



MATERYÈL CHIMIK SAL



TWALÈT BÈT KAY
Fatra chen oswa chat



KAWOUTCHOU ELASTIK, FIL TÒDE AK KLIP



ESTIKÈ SOU PWODWI



IZOLASYON BWAT MANJE



ANBALAJ PISTACH



BÈT MOURI

SONJE

Pwodwi konpostab yo dwe sètifye BPI, CMA oswa OK Compost. Atik ki make biodegradab, konpostab oswa astm-6400 sèlman pa aksepte. Si w gen dout, mande oswa kite li sou kote!

SWEN POU VESO AK POUBÈL

Nan Twous demaraj pou Koleksyon Fatra Manje nan Trotwa ou a, ou te resevwa yon veso pou kwizin, yon poubèl bò twotwa, yon woulo sak konpostab, ak materyèl ansèyman.

Ou responsab pou swen ak antretyen veso kizin ou ak achte nouvo sak konpostab.

Bon antretyen nan veso ak poubèl ou a pral ede elimine odè oswa ensèk nwizib.

KONSÈY SWEN POU VESO KWIZIN:

- Kenbe veso ou anba kontwa kwizin ou oswa anba lavabo ou
- Double veso w la ak sache konpostab ki sètifye BPI, CMA oswa OK Compost oswa sache papye mawon
- Kenbe veso w la lwen limyè solèy dirèk la
- Voye soda boulanjri anba veso w la
- Vlope vyann ak pwason nan sache jounal oswa papye mawon

KONSÈY SWEN POU POUBÈL BÒ TWOTWA:

- Fèmen poubèl bò twotwa w la pou kenbe likid ak ensèk nwizib yo deyò
- Si w pa double veso kizin lan, double poubèl twotwa w la ak sache konpostab sètifye BPI, CMA oswa OK Compost oswa sache papye mawon
- Mare sak la anvan li ranmase
- Kenbe poubèl twotwa a lwen limyè solèy dirèk la
- Rense poubèl la apre yo fin ranmase l

VESO KWIZIN KI GEN MOVE ODÈ

Pou anpeche vesò kwizin ou a pran sant ak atire mouch, asire w ke ou:

- Vide vesò kwizin ou pi souvan epi rensè l regilyèman
- Ou ka sèvi ak yon sache papye ki liyen doub, sache konpostab sètifye BPI, CMA oswa OK Compost. Si w double poubèl kwizin w, ou pa bezwen double poubèl twotwa w la tou. Ou pa kapab sèvi ak sache plastik pou double poubèl ou yo.
- Voye soda boulanjri anba vesò a
- Si w gen plas, sonje kenbe rèss manje w yo anndan frizè a

POUBÈL BÒ TWOTWA KI GEN MOVE ODÈ

Si ou fè eksperyans odè dezagreyab ak vè, asire w ke ou::

- Rensè poubèl ou apre yo fin ranmase l.
- Double poubèl ou a ak sache konpostab oswa sache an papye mawon.
- Mete jounal nan pati anba a epi voyeyon ti kras soda boulanjri. Sa a pral ede absòbe nenpòt likid ki gen odè.
- Kenbe poubèl ou deyò solèy la, nan yon kote ki fre, epi sèk.

BÈT

Fatra twotwa ou a fèmen, men ensèk nuizib ki pèsistan yo ka ouvri li. Pou kenbe ensèk sa yo lwen, ou ka ranfòse kouvèti a ak yon kòd adisyonèl. Gen kadna inivèsèl pou kouvèti fatra sou entènèt, oswa ou ka itilize yon kòd 'bungee'. Eseye voye yon ti poud piman sou kouvèti vesò ou a, pifò ensèk nwizib pa renmen sant la.

SÈVIS KLIYAN

Si ou gen kesyon oswa demann sèvis, tanpri kontakte ekip sipò Garbage to Garden nan **617- 977-4547**. Disponib nenpòt lè lendi jiska vandredi ant 8è:30 a.m. ak 4è p.m., oswa pa imèl nan **info@garbagetogarden.org**

Ranmasaj Fatra Manje Boston's Curbside an patenarya ak Save That Stuff, Inc ak Garbage to Garden, Inc. Pou jwenn plis enfòmasyon osijè Save that Stuff, Inc ak Garbage to Garden, Inc, vizite **boston.gov/curbside-food-waste**.

For translations | Pa traduson, vizita |
Pa traduson, vizita | 如需查阅译文，请访问网站 |
如需查閱譯文，請瀏覽網站 | Pou jwenn tradiksyon,
al gade nan | Перевод можно получить по
адресу | Để xem bản dịch, hãy truy cập |
Pour consulter des traductions, visitez |

للترجمة، فم بزيارة الرابط

boston.gov/curbside-food-waste

